Free Digital Copy From ServeNow

ELEMAN BAZIK
OU BEZWEN KONNEN
SOU JEZI

Lars B. Dunberg

ServeNow

Free Digital Copy From ServeNow

Eleman Bazik ou Bezwen Konnen Sou Jezi

The Basic Things You Need to Know About Jesus (Haitian Creole)

Par Lars B. Dunberg

Copyright © 2013 par *ServeNow*.
Fò ou gen pèmisyon pou itilize. Tout dwa yo rezève

ISBN 978-1-964796-08-6

Haitian Creole Version (HCV)
(c) United Bible Societies. Used by permission.
All rights reserved.

Se ServeNow ki pibliye l,
1817 Austin Bluffs Parkway #110
Colorado Springs, CO 80918, USA

Free Digital Copy From ServeNow

Eleman Bazik Ou Bezwen Konnen Sou Jezi

Entwodiksyon

Anpil ane pase, yon moun te ekri pawòl sa yo sou Jezi. "Gen yon nonm ki te fèt nan yon ti vilaj tou fèmen, pitit yon fanm peyizan. Li te grandi nan yon lòt vilaj. Li travay nan yon atelye chapantye jiskaske li te rive gen trantan. Nan laj sa a, pandan 3 zan li te vin devni yon gwo predikatè.

Li pa t janm posede yon kay. Li pa t janm ekri yon liv. Li pa t janm gen yon biwo. Li pa t janm gen yon fanmi. Li pa t janm ale nan yon kolèj, Li pa t janm mete pye l nan yon gran vil. Li pa t janm rive menm sou de san kilomèt soti kote li te fèt la. Li pa t janm fè menm yonn nan bagay ki konn fè yo pale de grandè moun. Li pa t gen okenn lòt akreditasyon pase pwòp tèt pa l.

Pandan l te yon jenn gason, yon bon pati nan opinyon moun yo tounen kont li. Zanmi l yo kouri kite l. Gen yonn ladan yo ki menm di li pa t janm konnen l. Li vire kont ènmi l yo. Tout kote l ale yo pase l nan rizib. Yo klouwe l sou yon kwa nan mitan 2 brigan. Pandan l ap mouri, assasen l yo fè tiraj-osò pou yo ka pataje sèl grenn moso byen l te genyen sou tè sa a – rad li. Lè l fin mouri, se yon zanmi ki te gen pitye pou li ki mete l kouche nan yon tonbo. Diznèf syèk byen long gentan pase, e jodia li vin tounen pyès prensipal

Free Digital Copy From ServeNow

nan ras lèzòm yo, e li vin vin tounen lidè kolòn k ap pwogrese a.

Sa pa ko anyen toujou lè m di ke tout lame ki janm make sou tè sa a, tout gwo bato yo te janm bati, tout paleman ki te janm egziste ak tout wa ki te janm reye, lè ou mete tout ansanm, yo pa ditou afekte lavi nonm sa a nan puisans li te te genyen nan lavi pa l sèlman."

Jezi se yon moun Istorik

Jezi pa rive konsa konsa san yo pa t ap tan li. Pwofèt yo nan Bib la te gentan predi ke gen yon nonm ki t ap vini pou l te sove lemonn. Yo te gentan di ke li tapral pran nesans. Yo te menm gentan predi kijan l tapral fèt. Yo te pwofetize sou lavi li tapral mennen e menm sou kisa ki tapral rive nan lanmò li. Pa janm gen yon lòt moun ki ranpli prediksyon sa yo. Men lè tan yo te rive, Jezi fèt nan monn sa a, se te yon moun tout bon avèk chè moun ak san moun nan li.

Ki kote sa rive?

Jezi fèt nan yon ti peyi ki te anba okipasyon, yo te rele Palesin ki te gen Galile, Samari ak Jide. Li pa t plis pase 125 mil (savledi 208 km) nan longè e 50 mil (savledi 83 km) nan lajè. Li chita nan dènye pwent Anpi Women an sou bò kote solèy leve.

Jezi fèt nan Betleyèm nan Jide, kote paran l yo te ale pou te anrejistre non l nan rejis nasyonal peyi a. Apre yo fin pase kèk ane nan peyi Lejip, fanmi sa a al rete nan Galile. Peyi a te ranpli ak plizyè kalite moun. Toupatou te gen solda Romin ki tap kontwole okipasyon an. Nan mitan popilasyon jwif la, te gen

Free Digital Copy From ServeNow

Zelòt yo ki t ap batay kont okipasyon an. Nan lidè relijye yo menm, te gen kèk gwoup separe tankou Farizyen ak Sadiseyen ki t ap diskite sou diferans teyolojik ak anpil chalè. Sou pwendvi jewografik, Samariten yo ke tout moun te deteste, yo t ap viv nan mitan ant Galileyen yo nan Nò a ak Jideyen yo nan sid peyi a.

Kisa k te rive menm?

Jezi te pran nesans 7 ane konsa avan dat Kris la. Plizyè santèn ane pi ta, yon prèt te kalkile kalandriye pi fò moun ap itilze nan lemonn jodia, li jwenn ke wa Ewòd Legran ki t ap dirije peyi a, te mouri nan lane 4 avan Jezikri. E lè sa a Jezi te gentan gen anviwon 3 zan laj.

Nesans Jezi

Nan premye liv nan Nouvo Testaman an, yo etabli pawòl sa yo: "*Men ki jan Jezikri te fèt. Mari, manman Jezi, te fiyanse avèk Jozèf. Anvan menm yo te antre nan kay ansanm, Mari vin twouve l ansent pa pouvwa Sentespri*". Jan Jezi te antre nan vant Mari a se yon bagay ou pa jwenn 2 fwa. Se te yon mirak paske se pa t rezilta yon relasyon seksyèl.

Yon zanj vini epi li di Mari: «*Sentespri a pral vin sou ou, pouvwa Bondye ki anwo nan syèl la pral kouvri ou tankou yon lonbraj. Se pou sa tou, Pitit ki pral fèt la pral viv apa pou Bondye, y a rele l' Pitit Bondye*» (Lik 1:35). Sa pa vle di ke Bondye te pote kwomozòm mal la pou devlope fetis ki pral bay Jezi a. Sa pa vle di nonplis ke Bondye se Papa biyolojik Jezi. Bondye pa mal, li pa femèl. Se li ki kreyatè tout sa ki kanpe nan

Free Digital Copy From ServeNow

kreyasyon l lan. Mirak la se yon timoun ki fèt san yon papa. Savledi ke Mari tonbe ansent atravè yon enfliyans sinatirèl Sentespri te egzèse sou li.

Poukisa li tèlman siyifikatif konsa pou yon vyèj fè yon pitit? Savledi ke delivrans nou atravè yon nonm sotti totalman nan Bondye. Menm jan yon fanm ki vyèj rive fè yon pitit, ou menm ak mwen, pou nou resevwa Sali a se sèlan Bondye ki ka fè travay sa a. Nou pa ka resevwa Sali a tout tan Bondye pa rele nou epi pou Sentespri konvenk nou (Jan 3:3-6). Nesans nan vyèj la montre nou ke Jezi antre nan eksperyans nou kòm moun san peche pa antre nan sa.

Anfans Li

Pa gen anpil istwa ki konsène Jezi kòm yon timoun. Depi tou piti, li te konn al ak paran l yo nan tanp lan. Yo di nou: *Jezi t'ap devlope, li te vin gen pli lespri toujou, li t'ap aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plèzi* (Lik 2:52).

Lè l te gen douzan, Jezi te ale ak paran l yo nan selebrasyon yo te konn fè nan tanp Jerizalèm nan chak ane. Li te rete dèyè nan Jerizalèm men paran l yo pa t konn sa. Apre yo fin pase twa jou ap chèche l toupatou, yo jwenn li k ap diskite ak lidè jwif yo anndan tanp lan. Lè paran l yo mande l si sa pa t di l anyen poutèt yo te gen tèt chaje pou li, Li reponn yo: *"Poukisa pou n'ap chache m' konsa? Nou pa t' konnen fòk mwen okipe zafè Papa mwen? Men yo pa t' konprann sa l' t'ap di yo"* (Lik 2:49-50).

Free Digital Copy From ServeNow

Batèm ak tantasyon Jezi

Lè Jezi te gen trantan, li ale nan larivyè Jouden an kote yon nonm ki te rele Jan t ap batize moun. Jan te wè tèt li tankou yon moun ki t ap prepare chemen an pou Sovè a ki tapral vini. E lè Jan wè Jezi, li te reyalize ke nonm li t ap tann sa a se te Jezi. Pandan Jan ap batize Jezi, Bondye te pale nan syèl la, li deklare: *Sa se piti mwen renmen anpil la, Li fè kè m kontan anpil* (Matye 3:17).

Jezi ale nan dezè a, kote Satan ki se enmi l lan tante l pandan 40 jou ak 40 nuit. Jezi gen viktwa sou tout tantasyon Satan yo pandan l t ap reponn li avèk Pawòl Bondye a.

Premye Ministè li

Lè l retounen soti nan dezè a, Jezi kòmanse ministè li. Jezi se te yon grantòm ke anpil moun te renmen rete bò kote li. Gen moun ki t ap mache plizyè kilomèt pou yo te ka pase yon ti tan bò kote li. Moun te soti nan tout kategori sosyal pou te vin kote l. Gen ladan yo ki se te pechè pwason, gen lòt se te jamè dodo, pèseptè kontribisyon, te genyen ki te jij, te gen sòlda women tou. Gen anpil moun ki te vini bò kote l alafwa pou tande l epi poze l kesyon. Anpil nan moun sa yo te pase tout lavi yo ap etidye Liv sen an – sa nou rele jodia Ansyen Testamen an. Li te santi l lakay ni lè l nan tanp lan menm jan lè l te lakay yon pèseptè kontribisyon.

Pandan ke l te yon senp chapantye ki pa t fè okenn etid teyolojik, Li t ap anseye yon nonm tankou Nikodèm ki te fè pi gwo etid teyolojik nan tan pa l la. Gen

Free Digital Copy from ServeNow

fanm ki tap suiv li epi ki te okipe yon plas enpòtan nan mouvman l lan. Jezi te respekte yo e yo te devwe pou li tou. Kèk fwa, anpil timoun konn antoure Jezi, sote sou li, chita sou li. Jezi se te yon nonm pou tout kalite moun.

Li te konn fè Bondye parèt reyèl pou moun ki òdinè yo. Pou Jezi, Bondye pa t yon nonm move e dwòl k ap pase lòd epi ki rete byen lwen, men se Papa yo li ye. Jezi te menm konn rele l Papi. Li te souvan konn pran tan apa pou l t al priye Papa a. Li di yo: *Mwen pa fè anyen si se pa sa m wè Papa m fè. Mwen toujou fè sa k ap fè Papa m plèzi.* Li toujou di yo: *Mwen menm ak Papa m nou fè yon sèl.* Anpil moun ki te rankontre Jezi, yo te santi yo te antre an kontak ak Bondye. Jezi te fè Bondye vin vrèman fasil pou yon premyè fwa nan lavi yo.

Li te moun menm jan ak yo. Pandan l te Bondye a, li te konn swe nan solèy apremidi tou, li manje, li dòmi. Li mache e l fatige. Li kriye devan tonbo Laza ki se te zanmi l. Li te konn montre anpil konpasyon pou moun ki nan antouraj li nan nenpòt kalite bezwen.

Li te konn anseye ak otorite. Anpil moun te konn etone pou ansèyman l yo paske li te konn anseye kòm yon moun ki te gen otorite, e non pa tankou eskrib yo. Direktè lalwa sa yo se yo menm ki te nan tèt pèp Bondye a. Jezi pa t konn site opinyon lòt moun apa sa pwofèt nan ansyen testamen yo te konn di. Olye de sa li konn deklare: *Anverite, anverite m ap di nou sa … Jezi te konn pale kòm yon moun ki te soti nan Bondye.* Aksyon l yo te montre puisans li. Kiyès nonm sa a ki te ka di yon nonm paralize: *Lonje men ou ban mwen* epi imedyatman li te restore li nan gerizon? Kiyes

Free Digital Copy From ServeNow

nonm sa a ki te ka mande fòs fè nwa yo pou yo te soti kite yon nonm ke demon yo te winen e ki te pase tout lavi l ap blese tèt li nan mitan tonm yo? Kiyès nonm sa a ki te ka pale ak yon gwo papa tanpèt sou lanmè Galile a epi fèl kalme tankou si li pa t janm egziste a? Kiyès nonm sa a ki te kapab nouri 5 000 moun ak 5 ti pen epi kèk ti pwason an? Kiyès nonm sa a ki te ka afwonte yon gouvènè Women san l pa t montre okenn siy lapèrèz la?

Lanmou li te inivèsèl. Pa gen anyen moun pi bezwen jodia pase yon lanmoun k ap transfòme lavi moun tout bon. Yon kalite lanmou kote moun nan ap fè nenpòt bagay pou yon lòt moun, menm pou l rive bay pwòp lavi l pou li. Jezi montre lanmou pou yon moun pèsonn pa renmen, pou yon pòv malere, pou yon moun yo mete deyò nan sosyete a, pou yon pòv vèv. Li montre lanmou l pou yon Samariten tout moun meprize. Li montre lanmou l pou yon moun pèsonn pa vle ede, pou timoun yo, pou moun ki te gen maladi lalèp yo. Li menm mande disip yo pou yo renmen ènmi yo. Menm pandan l t ap mouri sou kwa a, Li mande Papa l pou l padonnen solda ki t ap plonje klou a nan men l ak nan pye l yo. Li di disip li yo pou yo viv kalite lanmou sa a. *Kounyea m ap ba nou yon kòmandman nouvo: Se pou nou yonn renmen lòt. Menm jan nou wè m renmen nou an, se pou nou yonn renmen lòt. Se lanmou nou yonn pou lòt k ap pwouve lemonn ke nou se disip mwen vre* (Jan 13:34-35).

Jezi te souvan renmen itilize parabòl pou l anseye

Yon jou Jezi di disip yo: *Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon ti grenn moutad yon nonm pran pou li al*

Free Digital Copy From ServeNow

simen nan jaden li. Grenn moutad, se grenn ki pi piti nan tout grenn ki genyen. Men, lè l' pouse, li pi gwo pase tout plant menm kalite avèk li. Li vin yon gwo pye bwa. Se konsa zwazo nan syèl la vin fè nich nan branch li yo (Matye 13:31-32).

Yon lòt parabòl dekri 2 mesye ki t ap bati sou 2 fondasyon diferan. *Lapli tonbe, dlo desann, gwo van soufle sou kay la ak tout fòs. Kay la pa tonbe, paske yo te moute fondasyon kay la sou wòch. Men, moun ki tande pawòl mwen fenk sot di a, epi ki pa fè sa mwen mande li fè a, l'ap tankou yon moun fou ki bati kay li sou sab. Lapli tonbe, dlo desann, gwo van soufle sou kay la ak tout fòs: kay la tonbe, li fini nèt ale* (Matye 7:25-27).

E nan yon lòt okazyon Jezi rakonte yo istwa yon farizyen ak yon pèseptè kontribisyon.

Jezi di parabòl sa a pou moun ki te kwè yo bon devan Bondye epi ki t'ap meprize lòt moun: Dezòm moute nan tanp lan al lapriyè. Yonn te yon farizyen, lòt la yon pèseptè kontribisyon. Farizyen an te kanpe apa, li t'ap lapriyè konsa: Bondye, m'ap di ou mèsi dapre mwen pa vòlò, ni visye, ni adiltè tankou lòt yo; mèsi dapre mwen pa tankou pèseptè kontribisyon sa a. Chak senmenn mwen pase de jou ap fè jèn, mwen bay ladim nan tou sa mwen genyen. Pèseptè kontribisyon an menm te rete dèyè, li pa t' menm gen kouraj leve je l' nan syèl; li t'ap bat lestonmak li, li t'ap di: Bondye, gen pitye pou mwen ki fè anpil peche.Lè sa a, Jezi di yo: M'ap di nou sa, se pa farizyen an non, men se pèseptè kontribisyon an ki tounen lakay li ak padon Bondye. Paske, yon moun ki vle leve tèt li, y'a desann li, yon moun ki desann tèt li, y'a leve li (Lik 18:9-14).

Yon lòt istwa ankò montre nou lanmou Jezi genyen pou nou menm lè nou kite vrè chemen an.

Free Digital Copy From ServeNow

Sipoze yonn nan nou gen san (100) mouton. Si l' pèdi yonn ladan yo, èske li pap kite katrevendisnèf lòt mouton yo nan dezè a, pou li al dèyè sak pèdi a? L'ap chache l' jouk li jwenn li. Lè l' jwenn li, l'ap mete l' sou zepòl li ak kè kontan. Lè l tounen lakay li avè l', l'ap rele tout zanmi l'ak tout vwazen l yo, lap di yo: vin fè fèt avè m, mwen jwenn mouton m ki te pèdi a. Konsa tou, m'ap di nou, va gen plis kontantman nan syèl la pou yon sèl moun ki t'ap fè sa ki mal epi ki tounen vin jwenn Bondye, pase pou katrevendisnèf moun k'ap mache dwat, ki pa bezwen tounen vin jwenn Bondye (Lik 15:4-7).

Jezi anseye nou sou koze lapriyè

Yon jou, disip li yo poze l yon kesyon pou yo mande l: Kòman nou ta dwe priye? Li reponn yo: *Lè n'ap lapriyè, pa fè tankou ipokrit yo ki renmen kanpe nan mitan sinagòg ak nan pwent kalfou pou yo lapriyè. Yo fè sa pou moun kapab wè yo. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Konsa, yo tou jwenn rekonpans yo. Men ou menm, lè w'ap lapriyè, antre nan chanm ou. Fèmen pòt ou. Lapriyè Papa ou ki la pou kont li avè ou. Konsa, Papa ou menm ki wè sa ou fè an sekrè a, se li ki va ba ou rekonpans ou. Lè w'ap lapriyè, pa plede repete yon bann pawòl pou gremesi. Se konsa moun lòt nasyon yo fè. Yo mete nan tèt yo Bondye va tande yo si yo pale anpil. Piga nou fè tankou moun sa yo. Paske, Papa nou tou konnen sa nou bezwen anvan menm nou mande li. Men ki jan pou nou lapriyè:*

Papa nou ki nan syèl la,
Nou mande pou yo toujou respekte non ou.
Vin tabli gouvènman ou,
pou yo fè volonte ou sou latè,

Free Digital Copy From ServeNow

tankou yo fè l' nan syèl la Manje nou bezwen an,
ban nou l' jòdi a.
Padonnen tout sa nou fè ki mal,
menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal.
Pa kite nou nan pozisyon pou n'tonbe nan tantasyon,
men, delivre nou anba Satan.
Paske, se pou ou tout otorite,
tout pouvwa ak tout lwanj,
depi tout tan ak pou tout tan. Amèn
(Matye 6:5-13).

Jezi anseye nou sou padon

Jezi te souvan anseye disip li yo pou yo padonnen. Yon jou, yonn ladan yo mande l: *Konbyen fwa m dwe padonnen yon moun ki peche kont mween? Sèt fwa?* Epi Jezi sèlman reponn li: *se pa sèt fwa non! Se swasanndis fwa sèt fwa!*

Jezi di moun ki t ap swiv li yo, li enposib pou Bondye reponn priyè yo a si yo pa padonnen. *Lè nou kanpe poun lapriyè, si nou gen yon moun nan kè nou, padonnen l', pou Papa nou ki nan syèl la ka padonnen peche nou yo tou. Men, si nou pa padonnen lòt moun yo, Papa nou ki nan syèl la p'ap padonnen peche nou yo tou* (Mak 11:24-26).

Jezi anseye sou koze imilite

Jezi ki se Wa tout wa yo, li pa t vle pou yo te trete l konsa. Lè kèk moun te vle fè l tounen ewo pou yo, li monte sou montay la, l al priye. Sèl moman kote Jezi te mande nou pou n te aprann dirèkteman de li menm, sijè a se te imilite. *Pran jouk mwen mete l'sou zepòl nou. Pran leson nan men mwen. Paske mwen dou.*

Free Digital Copy From ServeNow

Mwen toujou soumèt mwen tout bon devan Bondye. Konsa n a viv ak kè poze (Matye 11:29).

Jézi anseye sou zafè lajan

Pa anpile richès nou isit sou latè, kote vè ak lawouj ap manje yo, kote vòlè kapab volè yo pote ale (Matye 6:19).

Pesonn pa ka sèvi byen ak de mèt an menm tan. Li gen pou l' rayi yonn si l' renmen lòt la. L ap sèvi byen ak yonn, men l ap meprize lòt la. Nou pa kapab sèvi Bondye ak lajan an menm tan (Matye 6:24).

Jezi di li: Si ou vle bon nèt san manke anyen, ale vann tout sa ou genyen, separe lajan an bay pòv. Lè sa a, wa gen yon richès nan syèl la. Apre sa, vin swiv mwen (Matye 19:21).

Apre sa, Jezi te chita vizaviz ak bwat kote yo mete ofrann nan tanp lan. Li t'ap gade moun yo ap mete lajan ladan li. Plizyè moun rich t'ap mete anpil lajan. Yon pòv vèv vin rive tou; li mete de ti kòb ki pa t' menm fè mwatye senk kòb. Lè sa a Jezi rele disip li yo, li di yo; -Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Pòv vèv sa a bay plis pase tout moun ki mete ofrann nan bwat la. Paske, tout moun sa yo mete sa yo pa bezwen; men li menm, nan tout mizè li, li bay tou sa l' te genyen, tout sa l' te gen pou l' viv (Mak 12:41-44).

An reyalite, genyen anpil, anpil sijè ankò Jezi anseye sou yo, men pa gen plas nan ti liv sa a pou yo. Mwen sigjere ou li kat evanjil yo ki pale sou lavi Jezi ak anseyman l yo.

Kèk bagay Jezi mande nou pou nou fè

Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men li (Matye 4:17).

Moun ki pa pote kwa l'epi ki pa swiv mwen, li pa kapab disip mwen non plis (Lik 14:27).

Free Digital Copy From ServeNow

Men, m'ap bay nou yon kòmandman nouvo: Se pou nou yonn renmen lòt. Wi, se pou nou yonn renmen lòt menm jan mwen renmen nou an. Si nou yonn renmen lòt, lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye (Jan 13:34-35).

Bene diksyon pou moun ki konnen se pòv yo ye devan Bondye, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye. Benediksyon pou moun ki nan lapenn, paske Bondye va ba yo kouraj. Benediksyon pou moun ki dou, paske y'a resevwa byen Bondye te sere pou yo a sou latè. Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle l' la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a. Benediksyon pou moun ki gen kè sansib, paske Bondye va fè yo wè jan li gen kè sansib tou. Benediksyon pou moun ki pa gen move lide nan tèt yo, paske y'a wè Bondye. Benediksyon pou moun k'ap travay pou lèzòm viv byen yonn ak lòt, paske Bondye va rele yo pitit li. Benediksyon pou moun ki anba pèsekisyon lè y'ap fè sa Bondye mande, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye. Benediksyon pou nou lè moun va joure nou, lè y'a pèsekite nou, lè y'a fè tout kalite manti sou nou paske se moun pa m' nou ye. Fè kè nou kontan. Wi, nou mèt kontan nèt, paske yon gwo rekonpans ap tann nou nan syèl la. Se konsa yo te pèsekite pwofèt ki te vini anvan nou yo (Matye 5:3-12).

Se sèl nou ye pou moun sou latè. Si sèl la pèdi gou l, ak kisa pou yo ba li gou ankò? Li pa vo anyen ankò. Se jete pou yo voye sa jete deyò, pou moun pile sa anba pye yo. Se limyè nou ye pou moun sou latè. Moun pa kapab kache yon lavil ki bati sou yon mòn. Ni yo pa limen yon lanp pou mete l' anba yon mamit. Men, yo mete l' sou yon etajè, pou l' klere pou tout moun ki nan kay la. Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la (Matye 5:13-16).

Free Digital Copy From ServeNow

Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di: Se pou nou renmen frè parèy nou, men se pou nou rayi lènmi nou yo. Men mwen menm, men sa m'ap di nou: renmen tout lènmi nou yo, lapriyè pou moun k'ap pèsekite nou (Matye 5:43-44).

Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premyè plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l' la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou. Se sa ki fè, pa chaje tèt nou pou denmen, paske denmen va gen zafè pa li. Chak jou gen kont chay pa yo (Matye 6:33-34).

Mande, y'a ban nou. Chache, n'a jwenn. Frape, y'a louvri pou nou. Paske, nenpòt moun ki mande va resevwa. Moun ki chache va jwenn. Y a louvri pou moun ki frape (Matye 7:7-8). *Tou sa nou vle lòt moun fè pou nou, nou menm tou fè l' pou yo. Se sa lalwa Moyiz la ak liv pwofèt yo mande nou fè* (Matye 7:12).

Chonje sa m te di nou: Yon domestik pa janm pi grannèg pase mèt li. Si yo pèsekite m', y'a pèsekite nou tou. Si yo fè sa m' te moutre yo, y'a fè sa n'a moutre yo tou (Jan 15:20).

Jezi pwoche bò kote yo, li di yo konsa: Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba (Matye 28:18-20).

Jezi demontre kiyès li te ye atravè mirak li yo

Premye mirak Jezi te fè se te nan yon maryaj, kote diven yo te rive fini. Li senpleman transfòme gwo kin dlo yo fè yo tounen pi bon diven ki te ka egziste.

Gen anpil nan lòt mirak Jezi te fè yo ki te gen pou wè ak lanati epi ak manje tou. Lè disip yo te nan tanpèt la avèk li sou lanmè Galile a, li kalme

Free Digital Copy From ServeNow

tanpèt la imedyatman. Yon lòt fwa ankò, pandan disip li yo te nan bato yo a nan mitan lanmè a, Jezi vini pou l pase devan yo pandan l ap mache sou lanmè a! Gen 2 lòt evènman kote plizyè milye moun te ret ap tande l pandan tout yon jounen san manje. Li bay tout milye moun sa yo manje ak kèk tranch pen epi kèk ti pwason.

Trè souvan, yo te konn mennen moun malad ba li, swa moun ki te gentan mouri, bwate, avèg, oubyen lòt maladi, e nan pi fò okazyon yo, li toujou geri yo. Lè l te rankonte lepre yo, malgre yonn menm ladan yo pa t gen dwa pwoche bò kote l, Li te geri yo. Kèk fwa li leve moun yo soti nan lanmò, menm zanmi l lan ki te gentan gen kat jou anba tè.

Anpil moun ki te posede ak demon afwonte l, e li te chase tout move lespri sa yo epi libere moun yo. Yon kapitèn nan Lame Women an, ki te gen yon sèvant malad, vin kote jezi pou mande l èd. Jezi di Li pa janm wè yon kalite lafwa konsa e li voye nonm nan lakay li. Lè kapitèn nan rive lakay li, li jwenn sèvant la te gentan geri.

Jodia ankò, Jezi se yon Bondye mirak toujou. Gen ladan yo ki ka fizik, tankou jan nou sot mansyone l anwo a. Men pi gwo mirak la sèke li ka chanje lavi ou ak lavi pa m soti nan fè nwa pou antre nan limyè e soti nan lanmò pou vini nan lavi.

Jezi te konn pase tan avèk moun yo

Ministè pa jezi a dire plis pase twa zan. Se te yon nonm ki te toujou okipe, men li te toujou gen tan pou l pase ak moun. Douz ladan yo, ki se te disip li yo, te

Free Digital Copy From ServeNow

pase chak èdtan ak li pandan plizyè ane. Li te envesti nan lavi yo.

Yon jou, yo te kenbe yon fanm nan adiltè. Nèg k ap bay tèt yo jistis rive ak tout wòch yo pou yo te touye l. Men jezi mande pou moun ki pa fè peche a pou voye premye kout wòch la. Yo tout vire ale tou wont. Jezi pase yon ti tan ak fanm sa a, li padone peche l yo epi li di l ale, men pa peche ankò.

Yon lòt fwa Jezi t ap pase nan peyi Samari epi li ran-kontre yon fanm bò pui a. Fanm sa a t ap mennen yon lavi peche. Malgresa Jezi te pase tan ak li e li te eksplike l kijan li ka satisfè tèt li ak lavi ke Jezi ka ba li a. Akoz tan li te pran ak li a, lavi fanm sa a te transfòme.

Nikodèm se te yon nonm save ki te etidye Ekriti yo anpil. Li te konnen ke menmsi li te vizite Jezi nan nuit, Senyè a t ap gen tan pou li. Nan diskisyon yo te genyen antre yo a, Nikodèm te aprann yon gran verite, yon verite ki ale ni pou ou ni pou mwen. Jezi di l: *Sa m'ap di ou la a, se vre wi: Pesonn pa kapab wè Pèyi kote Bondye Wa a si li pa fèt yon dezyèm fwa. Menm jan Moyiz te leve sèpan ki te fèt an bwonz lan byen wo sou yon poto nan mitan dezè a, konsa tou yo gen pou yo leve Moun Bondye voye nan lachè a byen wo tou.Tout moun ki mete konfyans yo nan li va gen lavi ki p'ap janm fini an* (Jan 3:3, 14-15).

Te gen yon pèseptè kontribisyon yo te rele Zache. Se te yon nonm ki te kout anpil. Pou l te ka wè Jezi ki tap pase nan vil la, li te monte sou yon pye bwa. Lè Jezi wè l, li menm menm li envite tèt li pou l al lakay Zache. E lavi nonm kout sa a te vin chanje.

Jezi te gen twa zanmi ki te kole sou li anpil. 2 sè ak yon frè. Yo te rele Mat, Mari ak Laza. Li te renmen

Free Digital Copy From ServeNow

pase tan lakay yo, e yo te aprann bagay ki te pwofon nan men l, paske yo te pase tan avèk Jezi.

Lanmò Jezi

Lanmò Jezi se te dènye aksyon nan tout sa k te dwe fèt pou l te ranpli misyon l. Jezi te di disip li yo ke li te vini pou l te *bay lavi l poul te peye delivrans anpil moun* (Mak 10:45). Li te di yo tou ke li te vini pou l te mouri epi apresa pou l te releve ankò. Lanmò li se te akonplisman wòl li kòm medyatè ant Bondye avèk nou menm. E nan moman l ap mouri a Jezi deklare: *Tou sa ki pou te rive rive!* (Jan 19:30). Ekriven evanjelis Matye ak Mak di nou: *nan moman sa a, rido tanp la te fann an de soti anwo desann anba* (Matye 27:51).

Aksyon sa a te ouvri pòt pou nou te antre kote Bondye, nan kote ki pi sen an, pou tout moun ki kwè yo (Ebre 10:19-22).

Sa gen anpil siyifikasyon pou n reyalize ke san lanmò Senyè Jezi, nou tout t ap kontinye nan peche nou yo. *Si san pa koule nanpwen padon pou peche yo* (Ebre 9:22).

Granmèsi Kris ki mouri pou nou an, nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo; Bondye fè nou wè jan Li renmen nou anpil (Efezyen 1:7).

Jezi te vèse san li pou nou pandan li t ap pran peche lemond, ni peche pa ou ak peche pa m. Kidonk, lè nou kwè nan li, nou pap sèlman resevwa padon, men n ap resevwa delivrans aptravè Limenm – ak yon nouvo lavi transfòme depi kounyea jis nan letènite.

Free Digital Copy From ServeNow

Rezireksyon Jezi

Jezi pa t sèlman mouri sou kwa a, men Bondye te resisite l sou twazyèm jou a. Koman disip yo te fè konnen li te leve?

Yonn nan siy yo se tonbo a ki te vid. Yon lòt siy sèke Jezi te fè moun ki t ap suiv li yo wè l nan yon kò fizik. Byen ke li te gen yon kò ki te kapab travèse pòt yo (Jan 20:19), li te toujou pote mak krisifiksyon an nan men l yo ak nan bò kòt li (Jan 20:27). Li te kapab manje menm jan ak nenpòt moun (Travay 1:4). Senyè Jezi pale ak moun ki t ap suiv li yo pou l di yo kisa yo te gen pou yo te fè. *Jeze pwoche bò kote yo li di yo konsa: Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obseve tout sa mween te ba nou lòd fè. Chonje sa byen: Mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kava* (Matye 28:18-20). Li di yo li pa t ap kite yo pou kont yo, men Li t ap voye Sentespri li pou l te ka rete avèk yo.

Atravè rezireksyon an disip yo te chanje e lavi yo te transfòme konplètan. Menm Pòl kip a t yonn nan disip Jezi yo lè Jezi te sou tè a, li te rankontre Jezi e lavi li te transfòme tou.

Rezireksyon Jezi a enpòtan anpil pou lafwa kretyen an. Pòl deklare: *Si Kris pa leve soti vivan nan lanmò, sa nou te kwè a pa ta vo anyen, paske nou ta toujou ap viv nan peche nou yo* (1 Korint 15:17). Men poukisa rezireksyon an enpòtan konsa?

Rezireksyon an montre nou ke reyèlman Jezikri se Bondye. Pyè di sa aklè nan mesaj li te bay nan jou pannkòt la: *Tout pèp Izrayèl la fèt pou konnen sa byen:*

Free Digital Copy From ServeNow

Jezi, nonm nou te kloure sou kwa a, se li menm Bondye fè Seyè, se li menm Bondye fè Kris (Travay 2:36). Lè l leve Jezi nan lanmò, Bondye konfime ke Jezi se senyè, li se Bondye!

Lè Bondye leve l nan lanmò, li apwouve travay kontra li te fè sou kwa a. Gen yon koneksyon ant lanmò Jezi ak rezireksyon Bondye te ba li a. *Se Jezi sa a ki te mouri pou peche nou yo epi ki leve soti vivan ankò pou fè Bondye fè nou gras* (Ròmen 4:25). Se atravè rezireksyon an moun sa yo ki kwè resevwa padon pou peche yo.

Rezireksyon an montre viktwa Jezi sou lanmò, e li se garanti ke moun k ap suiv li yo ap viv pou tout letènite.

Atravè rezireksyon li nan lanmò, Jezi kapab tounen yon eksperyans vivan nan sa yo ki kwè yo. Pòl ekri: *Se yon sèl bagay mwen bezwen: se konnen pou m'konnen Kris la, pou m'santi nanmwen pouvwa ki te fè l'leve soti vivan nan lanmò a* (Filip 3:10). Pouvwa sa a fè nou viv nouvo lavi a nan Jezikri. *Se sa k fè, se pa mwen k'ap viv ankò, se Kris la k'ap viv nan mwen: Lavi m'ap mennen nan kò m koulye a, m'ap viv li nan konfyans mwen gen nan Pitit Bondye a ki te renmen m sitèlman, li te rive bay lavi l'pou mwen* (Galasi 2:20).

Lanmò Senyè Jezi sou kwa a pa gen sans san rezireksyon an e se rezireksyon an ki bay kwa a tout nouvo sans li. Paske Jezikris se Bondye, nou reyalize ke se te Bondye ki te an aksyon sou kwa a. Se sa k fè kwa a vin pi puisan toujou.

Free Digital Copy From ServeNow

Monte Jezi nan syèl

Aprè rezireksyon l, *Apre lanmò li, li te parèt plizyè fwa devan yo. Li te ba yo divès prèv li te vivan ankò. Pandan karant jou, li fè yo wè l', li pale yo sou peyi kote Bondye wa a* (Travay 1:3). Li te di disip yo tou pou yo te tann Sentespri a ki t ap vini an puisans. Nan Travay 1:9, nou li sa ki ekri konsènan monte li. *Aprè li fin di yo sa, li moute nan syèl. Antan yo t'ap gade li, yon nwaj vin bouche l'devan je yo.* Nyaj la se te siy prezans glwa Bondye.

Jezi te predi li tapral retounen jwenn Papa li. *Mwen soti nan Papa a, mwen vin sou latè. Koulye a, m'ap wete kò m sou latè a, Mwen pral jwenn Papa a* (Jan 16:28). Jezi reponn li: *depi jòdi a n'a wè m', mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, chita sou bò dwat Bondye ki gen pouvwa a* (Matye 26:64). Men dwat la se plas distenksyon ak puisans epi se yon senbòl otorite. Se te pou plas sa a tou Jezi te toujou ap entèsede pou nou. *Se poutet sa depi koulye a, epi pou tout tan, Li ka delivre tout moun, L'ap fè yo pwoche bò kot Bondye, paske Li menm li toujou vivan, L'ap lapriyè Bondye pou yo* (Ebre 7:25).

Ki kote l ye kounyea?

Jezi te di disip li yo, Li tapral lakay Papa L pou L al prepare yon plas pou yo: *Lè m a fin pare plas la pou nou, m'a retounen vin chache nou. Konsa, kote m'a ye a, se la n'a ye tou* (Jan 14:3). Jezi ki se Bondye Pitit la, Li avèk Bondye Papa a nan syèl la. E senyè Jezi te di disip Li yo tou ke lè l ale, Li t ap voye Bondye sentespri a ki t ap vini pou rete avèk yo. Kounyea, Sentespri rete nan kwayan an tout tan. Se konsa Jezi toujou avèk nou an jan li te pwomèt sa a.

Free Digital Copy From ServeNow

Retou Jezi

Anpil fwa Jezi deklare disip li yo ke l ap retouenen. Nan Nouvo Testaman an, yo mansyone retou li a pandan plis pase 250 fwa.

Jezi pral retounen lè nou pa ta panse, nan yon moman pèsonn pa ta panse sa, L ap retounen e l ap vizib pou moun nan tout nasyon. *Menm jan zèklè a fè yan, li klere syèl tout syèl la depo bò solèy leve jouk bò solèy kouche, se konsa Moun Bondye voye nan lachè a gen pou l'vini … Lè sa a, tout nasyon ki sou latè va pran kriye, y a wè Moun Bondye voye nan lachè a ap vini anwo nwaj yo nan syèl la, avèk pouvwa nan mitan yon bann bèl bagay* (Matye 24:27, 30).

L ap retounen pou l ka mete an aksyon viktwa li te genyen sou kwa a. Peche, lanmò ak pouvwa Satan y ap mete tout sa deyò nan mond Bondye pral fè a.

L ap retounen tou pou l resisite epi jije lanmò. *Nou pa bezwen sezi. Lè a pral rive: tout mò ki nan tonm pral tande vwa li.Yo pral leve soti vivan nan tonm yo. Moun ki fè sa ki byen pral leve pou resevwa lavi ki p'ap janm fini an. Men tout moun ki fè sa ki mal pral leve pou resevwa kondanasyon yo* (Jan 5:28-29).

Nan moman sa a li pral separe sa ki dwat ak sa pi pa dwat. *Apre sa, wa a va pale ak sa ki sou bò dwat li yo, la di: Vini non, nou menm ki resevwa benediksyon Papa m'vin , pran posesyon peyi ki te pare pou nou depi lè Bondye t'ap kreye lemonn lan.* (Matye 25:34). *Apre sa, l'ap voye yo resevwa chatiman ki p'ap janm fini an. Men, pou moun ki te fè byen yo, y'ap antre nan lavi ki p'ap janm fini an* (Matye 25:46).

Free Digital Copy From ServeNow

Pèsonn pa konnen kilè sa ap rive. Men Senyè Jezi di nou pou nou veye epi mete nou prè pou jou sa a.

Jezi gen anpil non ak tit

Jezi se te yon non komen nan pami jwif yo, e li te gen siyifikasyon pa l tou. Jezi se yon non ebre, *Jeshua*, ki siyifi delivrans. Se te menm non sa a yo te bay moun ki te vin apre Moyiz la, Jozye. Men Jezi pa t senpleman yon moun ki te ka sove yon moun nan danje, lè y ap toupizi l, ak nan lapèrèz. Men siyifikasyon non Li se te pou yon misyon espesyal. Lè yon zanj te vizite Jozèf, zanj lan te di li ke *Li pral fè yon pitit gason. Wa rele l' Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l' yo* (Matye 1:21).

Bondye te voye Jezi atravè yon fanm vyèj pou li te ka sove pèp ki nan lemond anba pwoblèm pwofon e original la: Peche. Li te pi plis ke yon Sovè moun anba opresyon politik ak danje. Li te sovè mond lan.

Mo grèk Christos a se tradiksyon mo Mesi nan lang Ebre, ki vle di "yon moun Bondye chwazi a". Nan Ansyen Testaman an, pratik sanktifikasyon yon moun endike ke Bondye te chwazi li pou yon misyon espesyal. Pwofèt yo te resevwa pawòl Bondye de yon nouvo wa ki te gen pou vin delivre pèp yo anba diferan fòs okipasyon ki anvayi peyi yo.

Esperans sa a te trè fò nan epòk Jezi, e jwif yo t'ap tann Bondye voye yon Mesi a ki ta pral sove yo anba okipasyon Romen an. Jwif yo te espere yon liberatè politik, men Jezi te pi plis ke sa. Li te vin delivre tout moun anba peche ak sa ki mal.

Disip yo te konprann byen vit ki moun li ye: *Apre sa, Jezi ale nan rejyon ki toupre lavil Sezare Filip la. Li*

Free Digital Copy From ServeNow

mande disip li yo: Ki moun yo di mwen ye, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a? Yo reponn li: Gen moun ki di se Jan Batis ou ye. Gen lòt ki di ou se Eli. Gen lòt ankò ki di ou se Jeremi osinon yonn nan pwofèt yo.

Li di yo: Bon, nou menm, ki moun nou di mwen ye?- Simon Pyè reponn: Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an. Lè sa a, Jezi di li: Ou wè ou menm, Simon, pitit Jan an, ou se yon nonm Bondye beni. Paske, se pa moun ki fè ou konn verite sa a. Men, se Papa m' ki nan syèl la ki fè sa pou ou (Matye 16:13-17).

Nan moman jijman li a, Jezi te admèt piblikman li se *Kris la, Mesi a. Lè granprèt la te mande Jezi si li te ye Kris la, Pitit Bondye beni a*, Jezi reponn: *Se mwen menm* (Mak 14:61, 62). Li te liberatè pèp Bondye a, men pa nan okenn sans politik. Li te pi plis ke sa, Li se te Sovè mond lan.

Yo te rele Jezi *Moun Bondye voye nan Lachè* a tou. Se te tit sa a Li te itilize lè l te konn ap pale de tèt li. Yon lòt tit yo te konn itilize se te *Pitit Bondye a*. Nan Ansyen Testaman an, tèm *Pitit Bondye a*, te itilize nan yon sans etranje, petèt yo te ka tradui l pi byen pa: *Yon moun ki se zafè pa Bondye*. Nan batèm Jezi a Bondye te di: *Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la, li di: Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil* (Matye 3:17). Malgre Pòl te itilize ekspresyon pitit Bondye a lè li ap pale de moun ki kwè nan Jezi yo, genyen yon diferans antre kwayan yo kòm pitit Bondye, ke nou devni atravè adopsyon, avek Jezi li menm ki se *pwop pitit Bondye* (Romen 8:32).

Gen anpil espas nan istwa a kote relasyon Jezi ak Bondye te eksprime nan yon relasyon Papa ak Pitit. Lè Jezi te kanpe devan konsèy lidè jwif yo nan mitan

Free Digital Copy From ServeNow

soufrans li, Li te konfime ke Li se te *Pitit Moun Beni an*. Lè gran prèt la wè sa, li chire rad sou li kòm yon siy ki montre se pi gwo mal Jezi te ka fè, paske li te panse ke Jezi t ap blasfeme e poutèt sa Jezi te dwe mouri.

Mo Senyè a se tradiksyon mo grèk kyrios, ki jeneralman vle di Senyè ou Gran Mèt. Jwif yo pa t vle pwononse mo Bondye a, alò yo itilize yon lòt mo ki vle di Senyè. Lè yo rele Jezi Senyè, savledi yo konsidere l kòm Bondye.

Mo ebre yo itilize pou Bondye a vle di *Mwen Se*. Nan Ansyen Testaman an Bondye te di Moyiz: *Mwen rele Mwen Se*. Anpil fwa nan istwa a Jezi di: *Mwen Se*. Se pa yon senp fraz, men ekspresyon sa a raple nou de non Bondye *Mwen Se*. Donk, lè Jezi di: *Mwen se pen ki bay lavi a* (Jan 6:35); *Mwen se limyè k'ap klere tout mond la* (Jan 8:12), *Mwen se pòt pak mouton yo* (Jan 10:7), *Mwen se bon gadò mouton yo* (Jan 10:11), *Se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi* (John 11:25). *Mwen se chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a* (Jan 14:6), *Mwen se pye rezen tout bon an* (Jan 15:1). Tout Mwen se sa yo asosye ak Bondye.

Aprè rezireksyon Jezikri, Li te parèt devan 2 disip sou chemen Emayis. Yo kouri tounen al Jerizalem pou al di lòt disip yo: *Se vre wi, Seyè a leve vivan* (Lik 24:34). Pi ansíen konfesyon moun ka fè sou *Jezi, se lè ou di: Jezi se senyè.*

Free Digital Copy From ServeNow

Ki sa ki fè Jezi diferan konsa?

Li te egziste avan kòmansman

Avan kreyasyon mond lan, Jezi te egziste kòm yon pati nan divinite a kote yo twa fè yonn nan: (Bondye Papa a), (Bondye Pitit la) ak (Bondye Sentespri a).

Li vin jwenn nou

Nan laplipa relijyon yo, se ou ki pou pwoche al jwenn divinite yo, oswa idòl yo. Jezi menm li konplètman diferan. Bondye pwoche vin jwenn nou lè l voye Jezi nan mond nou an. *Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an* (Jan 3:16).

Jezi se Bondye

Menm jan ak Bondye, Jezi gen tout pouvwa. Li toujou prezan, Li konn tout bagay, Li toujou fidèl, Li granmoun li fè sa l vle, Li la pou tout tan, Li sen e li se lanmou.

Jezi se sovè mond lan. Li se mesi yo te pwomèt ki te gen pou vini an, Li se moun Bondye te voye nan lachè yo te pwomèt nan syèl la, Li se Pitit Bondye a ki gen yon relasyon espesyal ak Bondye, e li se Senyè, ki vle di li se Bondye. Nan premye vèsè levanjil Jan an, ekriven an di: *Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la te la. Pawòl la te avèk Bondye. Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye tou* (Jan 1:1). Pi devan nan menm chapit sa a, yo vin idantifye Pawòl la ak Jezi (Jan 1:14). Lè apòt Toma rankotre Jezi apre rezireksyon Li, li di Jezi: *Seyè mwen, Bondye mwen!* (Jan 20:28). Nan premye

Free Digital Copy From ServeNow

chapit liv Ebre, nou li: *Men, lè l'ap pale sou Pitit li a, li di: O Bondye, gouvènman ou lan la pou tout tan. W'ap gouvènen sant patipri tankou yon wa nan peyi ou la.* (Ebre 1:8).

Jezi se moun tou

Nan levanjil yo nou wè jezi te fèt tankou moun. Malgre jan li te antre nan vant Mari a se yon bagay apa, tout rès sa ki tapral vin apre yo, yo te sanble menm bagay pou tout moun. Byenke te gen kèt sikonstans remakab ki te antoure nesans li nan Betleyèm, li te yon moun nòmal yo te voye ba nou. Pou Matye ak Lik, Jezi te genyen yon desandans familyal menm jan ak tout moun.

Apre li te fin fèt, li te grandi nan yon mezon fanmi tankou tout moun. Pandan l ap grandi li te aprann yon metye. Jezi te konn fatige, grangou e swaf. Li konn demontre lajwa, tristès, agoni, lanmou, konpasyon ak kolè. Li te menm mouri tankou nenpòt moun epi yo antere l nan yon tonbo. Imanite Jezi konfime nètale, lè li te anba tantasyon devan peche (Matye 4:1- 11). Ebre 4:15 di konsa: *Granprèt nou an se pa yon moun ki pa kapab soufri ak nou nan feblès nou. Okontrè nou gen yon granprèt ki te pase anba tout kalite tantasyon menm jan ak nou. Men li pa t'janm fè okenn peche.*

N ap jwenn kòz ki fè Jezi san peche a nan lanmou ak mizerikòd li pou nou. Li te vini pou l te bay lavi l kòm yon sakrifis pou peche nou yo. Lè djab la te tante Jezi nan dezè a se te pou l konvenk li pou l te chwazi glwa sou tè sa a, nan plas imilyasyon ak Soufrans e lanmò. Men li te chwazi pou l te fè volonte Bondye. Li te viv yon lavi ki sen e san anyen pou

Free Digital Copy from ServeNow

yo blame l. Anfen li te bay lavi l pou nou kòm yon sakrifis konplè san peche. Akoz lanmou li te gen pou nou an, li pa te ka peche, lanmou sa a li te montre nan tout fason yo sou kwa a. Lè Jezi te rete san peche a, sa gen pou l wè ak sakrifis la yon fason pou yo pa t jwenn anyen pou repwoche l. Selman yon moun ki san peche ka padonnen peche lot moun. Pòl di nan 2 Korentyen 5:21 *Kris la pa t' janm fè okenn peche, men Bondye fè l' pran sò nou sou li, yo trete l' tankou yon moun ki fè peche. Konsa, lè nou fè yon sèl kò ak Kris la, Bondye fè nou gras.*

Imanite Jezi enpòtan paske li te yon moun ke Bondye te revele l nan li pou nou, yon fason pou nou te ka konprann ki moun li ye. Puiske Jezi se te yon moun ki te eksperimante tout bagay tankou nou, li ka konprann e ede nou nan tout bezwen nou yo ak feblès nou yo. Jezi ka travèse pon ki genyen ant Bondye ak lòm akoz peche nou yo, paske li se moun.

Jezi te vini sou tè a

Jezi se alafwa Bondye epi moun. Jezi konplètman Dye e konplètman moun. Li pa mwatye Bondye e mwatye moun. Li 100% Dye e 100% moun. Kesyon ki di Bondye te vini sou tè a epi viv nan yon moun nan, yo eksprime sa nan sa teyolojyen yo rele enkanasyon. Jan 1:14, *Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou.*

Jezi pran plas nou

Non Jezi siyifi Sovè. E Jezi te vini poul te sove lemond anba peche. Travay 4:12, *e li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay*. Nou te sipoze mouri epi

Free Digital Copy From ServeNow

elwaye ak Bondye pou tout letènite. Sa pral rive si ou vire do ba li. Men Jezi ki te san peche, pran plas nou sou kwa a, donk nou ka resevwa lavi li bay la kounyea epi viv pou tout letènite.

Se sèl limenm ki ka ban ou lavi

Nan Jan 5:24-26 Jezi di nou ke li gen menm kapasite ak Bondye pou l gen lavi nan limenm epi pou l bay lot moun yo lavi tou. Jezi te demontre puisans li lè l resisite Laza, (Jan 11:43-44), men sa k pi enpòtan ankò sèke li pral resisite tout mò yo pou lavi ki pap janm fini an (Jan 5:24-26). Nan tout relijyon ki gen nan monn lan, pa gen yon lot moun ki ka fè yon deklarasyon konsa.

Jezi se sèl chemen an

Jezi se sèl chemen ki pou mennen nou nan yon relasyon tout bon ak Bondye tout bon an. Jezi di Toma: *Se mwen menm ki chemen an, se mween menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a, si l pa pase nan mwen* (Jan 14:6). *E li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou* (Travay 4:12).

Ki lòt relijyon ki pale de Jezi

Islam

Nan Islam nan yo wè jezi kòm yonn nan pwofèt yo. Yo rele l Isa. Men yo pa rekonèt li kòm yonn nan manm Trinite a.

Free Digital Copy From ServeNow

Boudis

Yo konplètman inyore Jezi nan zòn peyi solèy leve. Kèk fwa, pratikan boudis yo wè Jezi kòm yon pwofesè ilimine.

Endouyis

Endou yo kwè ke Jezi se yonn nan Avata yo (savledi manifestasyon) e yonn nan chemen ki mennen kote Bondye. Men Jezi se sèl chemen an.

Ou ka devni yonn nan moun k ap suiv Jezi yo

Jezi renmen ou plis pase jan ou ta ka imajine. Li te mouri sou kwa a e li te vèse san l pou l te padone pase ou, prezan ou ak fiti ou. Li kanpe nan pòt lavi ou, l ap frape e li vle antre poul develope relasyon avèk ou. Lè ou retounen sou pase lavi ou e mande li pou l transfòme lavi ou atravè puisans rezireksyon an, w ap devni yon moun nouvo. *Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a* (2 Korint 5:17).

Men sa se pa sèlman yon evènman pou yon fwa. L ap mande ou pou devni moun k ap suiv li, disip li.

Yon moun k ap suiv Jezi se yon moun ki gen yon gwo dezi: Pou l devni tankou Jezi. Savledi chèche konnen tout sa ou kapab sou li atravè liv la ke nou rele Bib la. Li l, etidye l memorize l, medite sou li epi obeyi li.

Li vle di pou viv yon lavi k ap pwodui bon rezilta akoz chanjman ou nan Li. *Mwen se pye rezen an, nou se branch yo. Moun ki fè yonn avè m', moun mwen fè yonn ak li, l'ap donnen anpil, paske nou pa kapab fè anyen san*

Free Digital Copy From ServeNow

mwen. Moun ki pa fè yonn ak mwen, y'ap koupe l' voye jete; l'ap chechè tankou yon branch bwa. Lè branch bwa yo cheche, yo ranmase yo, yo jete yo nan difè, yo boule yo. Si nou fè yonn ak mwen, si nou kenbe pawòl mwen yo nan kè nou, nou mèt mande sa nou vle, y'a ban nou li. Men ki jan pouvwa Papa m' lan va parèt aklè: se lè nou donnen anpil, lè nou fè wè se disip mwen nou ye (Jan 15:5-8).

Savledi ou pral eksprime lanmou san kondisyon pou lòt yo, menm pou etranje yo. Sa menm mande pou renmen ènmi ou yo.

Lè ou se yon moun k ap suiv Jezi sa vle di w ap envite lòt moun pou yo vin suiv Jezi tou. Tankou moun k ap fè pitit nan yon fanmi, oumenm tou, ou bezwen mennen moun ki nan antouraj ou pou vin suiv Jezi tou, epi antrene yo pou yo menm tou yo ka mache envite lòt moun pou vin swiv Kris tou.

Pandan w ap pwoklame Wayòm Bondye a, w ap gen pou afwonte fòs tenèb yo tou. Enmi an pa vle pou nou aktif nan Jezi. Men lè nou kanpe tèt ak li, l ap kouri. Epi konsa tou w ap vin dekouri ke *lespri ki nan nou an gen plis pouvwa pase lespri ki nan moun ki pou lemond yo* (1 Jan 4:4).

Priye Bondye chak jou epi kite l pale ak ou. Toujou gade pi devan, epi prepare ou, pou retou li a.

Sonje sa, *lespri ki nan nou an gen plis pouvwa pase lespri ki nan moun ki pou lemonn yo* (1 Jan 4:4).

Free Digital Copy From ServeNow

KESYON POU ETID AK REFLEKSYON

- Ki sa ou vin aprann sou Jezi ke ou pa t konnen avan?
- Site kèk bagay Jezi anseye
- Kisa ansèyman Jezi yo vle di pou ou jodia?
- Kisa Jezi di nou pou nou fè?
- Eske n ap eseye fè bagay sa yo jodia? Si non poukisa?
- Poukisa lanmò ak rezireksyon Jezi enpòtan konsa?
- Kòman lavi ou vin chanje pandan w ap li ti liv sa a?
- Eske ou vin tounen yon moun k ap suiv jezi?
- Eske ou janm mennen yon moun bay Jezi? Si wi, eske ou gen yon lòt moun ou kapab mennen bay Jezi? si ou pa ko janm fè sa, jodia se yon bon moman pou kòmanse.